



Pou Biblikasyon Imedya: 01/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE AVRIL KÒM MWA SANSIBILIZASYON SOU AGRESYON SEKSYÈL

Li mande pou limen moniman eta yo an ble-vè aswè a, 1e avril la, pou onore sivivan yo

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la pral òganize fòmasyon sou [Vyolans Seksyèl 101](#) estalasyon an rekonesans ak Jounen Denim (jeans) lan

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rekonèt mwa avril kòm Mwa Sansibilizasyon sou Agresyon Seksyèl (Sexual Assault Awareness Month) nan Eta New York, li te pibliye yon [pwoklamasyon](#) epi li te mande pou 12 moniman istorik eta a yo limen an ble-vèt aswè a, 1e avril la, pou onore sivivan yo. Kkowenside ak pwoklamasyon sa a, Biwo pou Prevansyon kont Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence) Eta pral fè fòmasyon sou 'Vyolans Seksyèl 101' chak semèn epi kolabore ak Biwo Sèvis Jeneral Eta a pou òganize yon ekspozisyon pou onore eksperyans sivivan yo epi rekonèt Jounen Entènasyonal Denim lan.

"Elimine agresyon seksyèl kòmanse ak chanje kilti a, sa k ap mete aksan sou pwoblèm sa yo pou fè limyè sou yo ak sipòte sivivan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap make Mwa Konsyantizasyon sou Agresyon Seksyèl la an avril, nou dwe kontinye ekipe sivivan yo atravè Eta New York, ankouraje yo sèvi ak vwa yo pou yo kòmanse diskisyon nan tout kominote a, epi finalman rann moun agresè yo responsab."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Ian Kelli Owens te deklare, "Vyolans seksyèl afekte moun nan tout domèn nan lavi yo. Li enperatif pou nou apwoche vyolans seksyèl nan yon fason ki santre sou sivivan yo, ki pran an konsiderasyon twomatiz epi ki reponn yon fason kiltirèl. Nou nan OPDV konprann empòtans sivivan yo pataje istwa yo sou rezistans ak gerizon, nan pwòp mo pa yo, nan pwòp moman pa yo, epi nou fyè pou ede fè yo tandé vwa yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w te pwoklame Avril kòm Mwa Sensibilizasyon sou Agresyon Seksyèl epi sipòte sivivan agresyon seksyèl ak tout vyolans ki baze sou sèks yo."

OPDV pral òganize kou fòmasyon vityèl ki dire yon èdtan sou '['Vvolans Seksyèl 101'](#) pou anplwaye, sipèvizi, ak administratè yo k ap travay nan distri lokal yo, ajans prive san bi likratif yo, minisipalite yo, ak lòt pwofesyonèl k ap ede siviva vylans ki baze sou sèks yo ak sivivan vyolans seksyèl yo. Fòmasyon sa a ki baze sou entènèt la se yon entwodiksyon debaz sou vyolans ki baze sou sèks ak vyolans seksyèl, ki gen ladann definisyon, defini konsantman ak estatistik.

Ajans la pral rekonèt Jounen Entènasyonal Denim lan tou nan òganize yon ekspozisyon pou onore eksperyans sivivan yo, nan konsantre sou rezistans yo, ak pakou gerizon yo. Jounen Entènasyonal Denim lan te etabli an rekonesans ak yon sivivan agresyon seksyèl ki gen 18 tan, ke agresè li — enstriktè k ap moutre li kondwi — te kapab ranvèse kondanasyon li pandan li deklare li pa ta kapab retire jeans li san asistans li.

Vèdik la te pwovoke manifestasyon atravè lemond, fanm atravè mond lan te prezante nan travay ak yon jeans pou montre respè. Enstalasyon an nan konkou Empire State Plaza a pral bay Enfòmasyon sou founisè sèvis lokal yo ak istwa rezistans nan men sivivan agresyon seksyèl yo soti 25 avril jiska 27 avril.

Gouvènè Hochul te mande tou pou yo limen 12 moniman ak bilding eta yo an rekonesans ak Mwa Konsyantizasyon sou Agresyon Seksyèl la. Moniman ak biling yo dwe limen aswè a, 1e avril la, gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Biwo Leta Bilding Alfred E. Smith la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Li enpòtan pou ogmante konsyantizasyon ak abòde estigma ki souvan atache ak viktim agresyon seksyèl yo epi finalman chanje lavi moun. Se poutèt sa, Depatman Sante a te etabli pwogram Medsen Lejis pou Agresyon Seksyèl Eta a nan lopital deziyen yo pou asire ke pasyan agresyon seksyèl yo resevwa swen espesyalize anpatik ak konpatisan ak tretman rapid ak respekye."

Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim

Services, OVS), te deklare, "Pandan mwa avril la nou obsève Mwa Konsyantizasyon sou Agresyon Seksyèl epi rekonèt enpak agresyon seksyèl sou viktim yo ak fason nou ka sipòte sivivan yo pandan y ap travay atravè twomatiz yo deja andire yo. Sivivan yo merite viv lavi yo poukонт yo, san okenn pwa atak yo, epi OVS fyè pou l bay resous ak sèvis pandan y ap geri. Nou rekonesan pou gen yon defansè nan Gouvènè Hochul ki sipòte travay Biwo Sèvis Victim yo."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Pandan ke vyolans seksyèl yo rapòteyo pi souvan se famm ak tifi ki eksperimante yo, nenpòt moun ka sibi agresyon seksyèl, kèlkeswa idantite sèks yo oswa oryantasyon seksyèl yo. Nou kontan rejwenn Gouvènè Hochul ak patnè ajans eta nou yo nan rekonèt Mwa Konsyantizasyon sou Agresyon Seksyèl la ak nan ede nou amplifye vwa sivivan vyolans seksyèl yo."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Li enpòtan pou nou rekonèt omniprezans agresyon seksyèl ak vyolans ki baze sou sèks nan sosyete nou an, sitou pandan n ap travay pou anpeche li. Mwa sa a, nou onore viktim yo ak sivivan yo kòm egzanp fòs ak kòm moun nou ta dwe admire pou kouraj ak rezistans yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou patenarya kontinyèl nou nan efò nou pou elimine krim vyolan sa yo yon fwa pou tout."

Komisè pa Enterim Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services) Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Mwen kontan kanpe ansanm ak Gouvènè Hochul pou ranfòse angajman enkondisyonèl Eta New York pou sipòte sivivan agresyon seksyèl yo. Mwen bat bravo tou pou patnè nou yo nan OPDV paske yo kreye fòmasyon ki ekstrèmman enpòtan sa a epi bay yon platfòm pou sivivan nou yo ka tandem sou kondisyon pa yo epi yon fason ki estimilan. Se sèlman lè nou aprann atravè eksperyans epi rekonèt kouraj yo ke nou ka byen konprann kijan pou satisfè bezwen pa yo epi ede geri twomatiz yo. Vyolans seksyèl pran plizyè fòm, tankou vyolans domestik kont timoun ak lòt manm fanmi yo. Pandan avril epi chak mwa, OCFS fyè pou l sipèvize plizyè pwogram ki ankouraje sivivan vyolans domestik yo pou yo santi yo pwoteje, anbrase ak otorize yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)